Uri Munhu Akatendeseka Zvakadini?

Tarisa uone zvazvakanakira kuva munhu akatendeseka uye zvazvakaipira kusatendeseka.

UCHAITA SEI?

Ndichaita sezvataurwa namukoma wangu. Kana vabereki vangu vakazondibvunza, handivaudzi chokwadi nekuti handidi kutengesa mukoma.

Kana vabereki vako vakazozvibata kuti wakavanyepera chii chingaitika?

_____

_____

_____

Ndichaudza mukoma wangu kuti handisi kuzoreva nhema. Kana akabuda achienda, ini ndichavaudza.

Unofunga kuti zvakanakirei kuudza vabereki vako chokwadi?

_____

_____

_____

“Vabereki vako vachawedzera kuvimba newe kana ukavaudza chokwadi.”

—Natasha.

(Verenga Pisarema 119:163. Iwe pachako unonzwa sei kana mumwe munhu akakunyepera?)

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2

UCHAITA SEI?

Hapana **wandinoudza.**

Kuramba wakanyarara kwakaipirei?

_____

_____

_____

Ndichaudza mubereki wangu kana kuti mumwe munhu mukuru wandinonamata naye.

Kuudza mumwe munhu nezvazvo kwakanakirei?

_____

_____

_____

“Kana ukaedza kuhwandisa zvaunenge wakanganisa, hana yako inoramba ichikutongesa. Izvozvo zvinoita kuti usafara. Rine manyanga hariputirwe, saka chokwadi pachinozobuda, zvinhu zvinobva zvatowedzera kuipa.”

—Carly.

(Verenga Muparidzi 12:14 uye Jakobho 5:14-16. Fungidzira kurerukirwa kwauchaitwa kana ukabatsirwa nevamwe.)

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

UCHAITA SEI?

Ndichamuudzira; nekuti ndikasadaro vanhu vanozondiona semutsvene.

Handimbomuudziri, uye handina basa kuti vandinodzidza navo vachatii nezvangu.

Zvakaipirei kuti umuudzire?

_____

_____

_____

Zvakanakirei kuti usamuudzire?

_____

_____

_____

“Kusatendeseka kwakaita sedhiragi. Kana ukaramba uchiita zvinhu zvekusatendeseka, unopedzisira watozvijaira. Ndiko kanenge katova kamuraramiro kako.”

—Karen.

(Verenga Zvirevo 29:25. Fungidzira kufara kwauchaita kana ukava neushingi hwekuita zvinhu zvakanaka.)

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Iye zvino chifunga pamwe paungaona uchiomerwa nekuramba wakatendeseka. Chinyora zvazvakanakira kuramba wakatendeseka uye zvazvakaipira kusatendeseka paunosangana nemuedzo iwoyo.

SEMUENZANISO:

ZVAUNGAITA:

ZVAUNOFANIRA KUITA:

ZVINGANGOITIKA

Kana ukasatendeseka:

_____

_____

Kana ukatendeseka:

_____

_____

Zvinhu zvinokosha zvaunofanira kuziva: Zvaunoita panyaya idzi dzekutendeseka zvinoratidza zvauri. Saka zvibvunze kuti: ‘Ndinoda kuti vamwe vandione semunhu akaita sei? Ko ini ndinonyatsoda kuva munhu akaita sei?’—Zvirevo 20:11.

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania